



PROGRAM
VOKASI



Klinik
Digital



DIGITAL
MAKARA
PROJECT

MODUL SILIHAN ONLINE EDISI JAWA TENGAH

Devie Rahmawati; Giri Lumakto; Rizki Ameliah; Mila
Viendyasari; Rangga Adi Negara;
Aisyah Adinda; Syavia Bachna





PROGRAM
VOKASI



Klinik
Digital



DIGITAL
MAKARA
PROJECT

Penulis:

Devie Rahmawati; Giri Lumakto; Rizki Ameliah; Mila
Viendyasari; Rangga Adi Negara;
Aisyah Adinda; Syavia Bachna

MODUL SILIHAN ONLINE EDISI JAWA TENGAH

PENERBIT:

Program Studi Hubungan Masyarakat
Program Vokasi Universitas Indonesia



PROGRAM
VOKASI



DIGITAL
MAKARA
PROJECT

MODUL SILIHAN ONLINE EDISI JAWA TENGAH

Dewan Pembina:

Prof. Dr. drg. Indang Trihandini., M.Kes

Prof. Dr. rer. Nat. Rosari Saleh

Penulis:

Devie Rahmawati; Giri Lumakto; Rizki Ameliah; Mila Viendyasari; Rangga Adi Negara; Aisyah Adinda; Syavia Bachna

Editor:

Rienzy Kholifatur


Desain:

Sandra

PENERBIT:

Program Studi Hubungan Masyarakat

Program Vokasi Universitas Indonesia



Atur Prawacana

Modul karo tema pinjaman online (pinjol) kie teka saking kekhawatiran ing akehe kejadian pinjol sing ora apik. Kasus-kasus sing kedadian ora mung ing Indonesia. Ing modul kie dinei contoh-contoh asli kasus ora apik pinjol ing negara liane. Dampak karo ramene kasus pinjol ilegal lan sing ora terdaftar dadi nyebabke medeni kanggo kabeh wong. Ora jarang pinjol nyasar lan neror wong sing salah. Wis tentu modul kie tujuane kanggo ngaweh pengerten lan mencegah dewek sekang pinjol ilegal.

Cepete akses internet siki nggawe wong gampang kanggo nglakukna kabeh hal, ora mung komunikasi lan dodolan. Ora saged dipungkiri, pinjol wis nggampangake keperluan keuangane wong-wong. Model utang sing kaya KTA utawa jaminan wis ora dadi syarat. Syarat pinjol kie gampang, mulai sekang KTP ngasi alamat umah, wong wis saged olih utang duwit. Tapi ing mburi kabeh kegampangane mau, ana kerugian administratif, keuangan, lan rahasia.

Kanggo ngaweh informasi lengkap tentang apa kue pinjol, bedane karo model utang konvensional lan fungsine ana ing bab pertama modul kie. Bab seterus badhe njabarna kasus-kasus pinjol ilegal sing pernah kedadian ing negara liane kaya Vietnam, Singapura, lan Thailand. Kasus ing kene sing wis kedadian ing Semarang karo Yogyakarta saged dadi contoh sing pas. Ing bab ketelu badhe dibahas alesan ngutang lan aturan hukum pinjol.

Bab kepatat bakal dibahas saran aman nalika badhe utang online lan data pinjol sing wis terdaftar ing OJK. Terus ing bab lima dijabarna njero-njerone pinjol, manajemen risiko, lan ngitung pinjamane. Sedurunge bab terakhir, ana materi pinjol legal sing wis kedaftar ing OJK, Bappebti, lan Kominfo kanggo dadi cekelan. Ing bagian terakhir dibahas model pinjaman karo pinjol asing lan risikone kanggo sing nganggo pinjol.

Modul kie tentu ora sempurna lan isih perlu saran sing membangun. Hal kie disebabke teknologi, jenis, modus, lan kasus pinjol terus dadi gede. Pinjol sing dadi salah sijine perkembangan teknologi ora saged diadohi. Saged bae wong-wong ora butuh tambahan finansial. Tapi wong liane saged ngerasakna pinjol akeh manfaate kanggo bantu usaha. Karena iku penting kanggo terus sinau pinjol ing masyarakat. Modul kie dadi salah satu dalane.

Modul kie asale sekang inisiatif, kolaborasi, lan kepeduliane tim sing nulis modul. Tim penulis terus terbuka kanggo nerima kritik, saran, lan dukungan sing membangun kanggo modul kie. Semoga modul kie akeh manfaate kanggo publik, wong akeh, lan bangsa Indonesia.

Matur suwun

Tim Penulis



Pinjaman online

1. Pendahuluan

Ing jaman teknologi pas kie, keuangan melu dadi teknologi sing anyar, apa maning bisnis-bisnis online sing wong-wong kudu duwe *e-wallet*. Melu karo perkembangan bisnis online, tambah akeh wong-wong dadi impulsif maring belanja online. Ora heran nalika saiki bisnis online utawa market online ngaweh wong-wong kesempatan kanggo mbuka pinjaman online. Pinjaman online kui fasilitas utang duwit kanggo penyedia jasa keuangan sing jalane online. Penyedia kredit online biasane diceluk fintech. Pinjaman online instan sing ora perlu jaminan dadi solusi sing pas kanggo wong-wong sing butuh duwit cepet tanpa kudu ngajukna langsung. Penyedia kredit kie penyedia jasa keuangan sing jalane online karo bantuan teknologi informasi.


Ngapa fintech ana? Hal kie dikarenakake anane perubahan gaya hidup sing kedadian ing masyarakat Indonesia. Kegeseran kie ora keton ing peminjaman duwit, tapi ing gunane internet lan teknologi informasi kanggo segala kebutuhan. Masyarakat wis ora kudu maring bank kanggo ngajukna kredit. Kabeh persyaratan lan prosedur sing maune kudu dipenuhi wis ora diperlukna maning. Pemohon kredit olih ngajukna persyaratan online. Kredit saged dilakukna lewat telepon, wong-wong saged nglakukna transaksi keuangan kaya pinjaman kredit kapan bae, ing pundi bae mung lewat akses situs fintech.

Pinjaman online debuka ing potensi peminante akeh, tapi akibate akeh pinjaman-pinjaman online sing ora kedaftar utawa ilegal. Anane pinjaman online sing ilegal kie sifate fatal kanggo penggunane. Apa maning saged gawe rugi finansial lan parahe data-data pribadi saged kesebar. Karena hal kue, tujuane tulisan kie iku kanggo mbahas kasus pinjaman online ing luar negeri lan Indonesia, contoh kasus sing rame, akibat kerugiane, modus pinjaman online, sistem jalane pinjaman online ilegal kie, pentinge kenangapa data pribadi ora olih kesebar lan tips kanggo ngindari pinjaman online.

Pinjol saged diceluk:

- Fintech lending
- Peer to peer lending
- Pinjaman online
- Layanan Pinjam Meminjam Uang Berbasis Teknologi (LPMUBTI)

Ing sistem silihan utang ada bedane antara pinjaman online lan pinjaman biasa. Bedane sing pertama kui ing hal penggunaan danane. Wong ngajukna pembayaran kredit cepet karena ana keperluan mendesak utawa butuh dana cepet kanggo nglunasi utang. Ing sisi lain, belanja karo duit pinjaman tradisional perlu wektu lewih suwe. Lan perbedaan keloro iku biaya administrasi.




Biaya manajemen kredit online kue setitik. Bank, fintech, utawa lembaga keuangan nawarna biaya pengelolaan gratis. Kie beda sekang pinjaman tradisional karena nganggo jasa karyawane.

Bedane sing ketelu iku jumlah sing dibutuhna. Biasane, wong pengin jumlah cilik ngasi sedeng karena bayare gampang. Bedane sing kepatat, jaminan pinjaman mung nyediakna sejumlah duwit lan perlu diganti maring kerja penuh wektu. Akeh pinjaman online ora perlu jaminan kanggo olih danane. Pinjaman tradisional akehe butuh jaminan. Bedane kelima iku dokumentasi. Pinjaman online mung butuh dokumen sing setitik, kadang mung perlu memindai ID lan diunggah ing internet. Pinjaman offline biasane lewih akeh dikarekake kudu nyiapna akeh dokumen. Pinjaman online dipimpin dening perusahaan fintech (financial technology) sing pertama ana ing Indonesia akhir tahun 2014. Bank lan lembaga keuangan nawarna macem-macem produk kredit sing gampang dinggo ing proses sing cepet kanggo dicatet lan dijukut bank utawa lembaga keuangan. Otoritas Jasa Keuangan (OJK), kawit pas kue nerbitna “Peraturan No.77/POJK.01/2016 Kementerian Jasa Keuangan Tahun 2016 Tentang Layanan Pinjam Meminjam Uang Berbasis Teknologi Informasi” sing saged dideleng ing kene. Aplikasi pinjaman ojek online makin akeh sekang tahun-tahun sedurunge. Tapi ing luar negeri, Amerika Serikat, situs web paling rame kui prosper.com. Prosper kui sing pertama lan pas kue dadi situs lelang pinjaman P2P paling gede ing AS, lewih sekang 480.000 anggota sing kedaftar. Kawit didirikan ing wulan Maret 2006 ngasi Desember 2007, situs kue nembus 100 juta pinjaman pribadi. Prosper posisikna awake dadi finansial online lan marketplace sing nawarna maring pelangane campuran pelelangan pinjaman P2P kaya eBay sing ditambah karo akehe forum diskusi.

A. Kasus Pinjaman Online ing Indonesia lan Duwe Dampak Kerugian Akeh

Nembe wingi-wingi polisi nemu fakta anyar tentang kasus pinjaman online (pinjol) ilegal ing daerah Sleman, Kota Istimewa Yogyakarta. Nuruti hasil penyelidikan sing dilakukna, bunga sing diterapna ing perusahaan pinjaman online kui ora masuk akal. Sebabe korban sing awale mung utang Rp5 juta, siki kudu bayar bungane ngasi Rp80 juta ing wektu sing cukup sedela, sewulan. Ora mung soal bunga, carane nagih saged diomong ora masuk akal, gara-garane nganggo ancaman ngasi gawe sing utang utawa korban ngalami depresi. Seuwise diselidiki, sing nagih kui olih perintah sekang atasane kanggo nglakukna ancaman pas nagihe. Nalika ora, para penagih mau utawa desk collection diancem badhe dipecat.

Polisi wis netapna wolu wong tersangka ing kasus kie, wonge kui RSS direktur utama perusahaan, GT asisten manajer, AZ & RS sing dadi HRDne, MZ dadi IT support, EA sing mimpin tim desk collection, EM sing dadi pemimpin desk collection, lan AB desk collector utawa debt collector online. Sekang kasus kie, polisi ngomong bahwa mereka wis nglanggar




sanga pasal, mulai sekang pasal soal UU Informasi dan Transaksi Elektronik (ITE), UU Perlindungan Konsumen, Tindak Pidana Pencucian Uang (TPPU), pasal soal pemerasan, lan pasal liane. Akibat para tersangka diancem oleh hukuman 10 tahun penjara.

Akehe pinjaman online ilegal ing Indonesia dikira wis oleh dukungan sekang wong luar negeri. Informasi kie dideleng sekang data ing Kementerian Kominfo sing diterima SWI. Disebutna pinjol ilegal wis duwe server sing asale sekang luar negeri. Ing wulan Juni wingi, 22% server sekang Indonesia. Sedangkan 40% ora ngerti asale sebab aktivitase dilakukna lewat media sosial lan selewihe sekang luar negeri. Server sekang luar kecatet sekang Singapura, India, lan China. Dugaan dana asale sekang luar negeri kie wis diungkapna ing pihak kepolisian pas njelasna penangkapan pelaku pinjol ilegal. Direktur Tindak Pidana Ekonomi Khusus Brigjen Helmy Santika ngomong pas kie lagi dilakukna kegiatan pendalaman lan asumsi tujuane kon saged dilakukna penyelidikan. Salah sijine dugaan duwit asale sekang luar negeri. Tapine ada dugaan asale sekang njero Indonesia.

B. Kasus Pinjaman Online di Vietnam

Kondisi pas kie ing Vietnam didasarna sekang hasil analisis data sing nunjukna bahwa hampir 90% responden wis terlibat ing pinjaman atau pinjaman langsung tanpa perantara keuangan nalika bank. Ana wong sing ora kenal. Dicatet sesuai karo analisis datane, fitur penting sekang pinjaman P2P online kue keterbukaan sekang pengungkapan data peserta ing sistem lan penilaian, komentar sekang peminjam utawa sing ngaweh pinjaman. Dadine dewek saged ngaweh kredit maring wong-wong sing durung pernah ngerti berdasarkan penilaian. Dadine dewek saged ndeleng peluang kanggo P2PO kui gede lan kesenjangan pasar sing duruh dipenuhi ing lembaga keuangan tradisional. Pas gabung ing sistem P2PO. Tapi akibat sekang statistik oleh, lewih sekang 70% responden gelem bayar pajak supaya lewih aman nglakukna pinjaman langsung lan pinjaman.

Khusus, hampir 90% responden milih kanggo gabung ing sistem P2PO kie saged dijelasna sekang keuntungan model kie dibandingna karo bank-bank tradisional. Ing praktike, perbankan peraturan lan prosedur kui cukup ribet dan keuangan konsumen. Perusahaan nganggo proses sing lewih sederhana dengan suku bunga sing duwur mulai sekang 40%, 60%, lan penggunaane kie juga ngajukna akeh pitakonan soal pengelolaane. Akibat 90% sekang responden ing penelitian kie ngeklaim kanggo gabung ing sistem pemberi pinjaman P2PO nunjukna harapan sing resmi sekang konsumen soal opsi keuangan sing lewih pas kanggo wong-wong. Penjalukane duwe sistem kui ngebantu wong sing butuh utangan saged ngehubungna wong sing ora nganggo duwit ln pengen oleh bunga sing lewih duwur sekang tarif bank tradisional sebenere kue kenyataan ing Vietnam.




Peneliti ing kene nemu loro faktor, kue “ngerti informasi pemberi pinjaman, peminjam sing dadi serta riwayat transaksi, evaluasi (nalika sing dijkot kue 4 bintang, 5 bintang)” duwe lewih sekang 62,6% dipilih, lan “kapan pinjaman ing platform sistem anyar suku bunga bakal lewih duwur sekang bank deposito?” “karo 51% hasil kie konsisten karo akehe penelitian ing dunia, nalika, pinjaman ing pinjaman online. Platorm saged diomong ngasilna pengembalian sing lewih tinggi kanggo investor (dibandingna karo tabungan bank tradisional) lan lewih murah kanggo peminjam (Chaffee and Rapp, 2012).

Gangguan ing pinjaman online antarane kui gangguan sing badhe diselidiki ana loro faktor sing dibayar secara khusus perhatian ing para penyelidik: “ora ana asuransi kanggo pemberi pinjaman” lan “langka utawa urung ngerti hukum”. Loro faktor kie sejalan karo prediksi penulis. Kie loro faktor sing paling sejen sekang setoran bank tradisional. Pertama, ing bank, pas buka rekening/pinjaman, apa deposito sing diasuransikna ngasi 50 juta. Tapi, misal disilihna maring sistem pinjaman peer-to-peer online, jumlah pinjaman ora, utawa lewih akurat, lan ora diasuransikna. Dadine risiko pemberi pinjaman lewih duwur nalika peminjam nguja utawa ora gelem bayar pinjaman.

Ketentuan-ketentuan hukum sing kedadian, ketentuan hukum lan kembarane karo perekonomian dibagi secara umum lan sistem pinjaman online kue bagian sekang sistem ekonomi berbagi, khusus urung ngimbangi perkembangan ekonomi model kie. Fakta kie ora mung ana ing Vietnam tapi akeh ing negara liane, termasuk ing negara-negara maju. Dewek konsisten ing suatu negara, kaya uber lan grab saged beroperasi ing Hanoi lan Ho Chi Minh City, pas ing Da Nang ana kasus-kasus sing supire uber lan grab didenda ing inspeksi lalu lintas akehe 2,5 juta VND, hampir pada bae karo gaji minimum ing Vietnam.

Peluang utawa risiko. Nalika ngomong soal peluang lan risiko kue poin sing menarik sekang penelitian kie. Nalika ditakon apa P2PO kue peluang kanggo perbankan tradisional? 51% responden setuju karo hal ing duwur, tapine mung 11,6% ora setuju. Ing pandangan liane, 25,8% sekang responden ngaturake pinjaman P2PO bakal dadi ancaman kanggo model ganu, sementara sewalike hampir ping lorone, 41,5% sekang data ing nduwur, saged digambarna akeh implikasine. Jelas kawit muncule paradigma anyar, ekonomi berbagi secara umum dan P2PO atau pinjaman khusus lainnya, persaingan meningkat secara dramatis ing berbagai sektor.

Pundi sing duwe model anyar kie? Nalika bank tradisional olih duwe A, ngormati model anyar kie lan digabungna karo perusahaan pinjaman P2PO, manfaatna kekuatan lorone, ing pas kue, hak-hak pelanggan bakal olih perawatan lewih lan saged ngelayani lewih penuh. Paradigma anyar kie karo keunggulan sekang teknologi lan inovasi, seuwise digabungna karo paradigma ganu dengan kekuatan kredibilitas, jaminan pemerintah lan paradigma anyar bakal gawa manfaat sebab lorone duwe semangat menang. Argumen kie lewih relevan kapan, ing pitakonan



selanjute sekang penelitian kie, 47% sekang responden percaya pengalaman pasar perbankan tradisional saged diterapna ing pasar pinjaman P2PO dibanding 15% responden sing ora setuju.


Persaingan. Balik maning maring topik persaingan, sekang hasil survei, penulis ngerti bahwa bidang kie bakal dadi “medan perang utama” antara perbankan tradisional lan model anyar ing bidang pinjaman konsumen karo 65,3% sing dipilih, lan pinjaman tanpa jaminan karo 51% sekang total responden (sejen karo pinjaman konsumen, pinjaman kie ora duwe jaminan). Hasil kie pas karo tulisan-tulisan liane sing wis dilakukna, mastikna kredit konsumen kue salah sijine pasar kredit paling gede, sejen karo P2PO pinjaman, skrining pinjaman utamane didasarna rence antara loro model kue. Ing model tradisional, bankir umume latar belakange apik, dadi pengetahuan sing dinggo kanggo ngelola lan nilai risiko saged lewih apik sekang paradigma anyar.

Faktor-faktor sing memotivasi platform P2PO, fasktor keloro kue permintaan sing duwur kanggo pinjaman pelanggan lan kemampuan kanggo menuhi permintaan duwur didasarna ing teknologi, ing angka 64,5% lan 47,4%. Permintaan duwur kanggo konsumen? Pinjaman ngenei motivasi peminjam kanggo nggolet pembiayaan sing lewih murah, kondisi pinjaman sing lewih untung, lan platform P2PO sing wis memenuhi persyaratan kie. Kanggo memenuhi kebutuhan kie, “hubungan antara peminjam lan pemberi pinjaman mung saged didasarna ing teknologi anyar sing saged diwujudna ing platform P2PO. Hasil kie pada karo hasil studi data tentang prosper.com, platform ing pasar AS (Funk, Bachmann et al., 2015) lan penelitian hasil ing pasar Cina sing lagi rame kue model P2PO (Feng dan Qin, 2016).

Ing algoritma lan prosese saged dipasna, fleksibel karo wektune. Sing dadi tambahan, penulis setuju bahwa “pengetahuan sing dinggo kanggo ngelola lan nilai risiko” dadi salah siji perbedaan dasare.

Soal tata kelola, hasil survei ngenei ngerti bahwa jumlah wong sing percaya pemerintah bakal ndukung lan ora ndukung pada, kui 28,8% lan 27,4%. Sementara kue, sebagian akeh, 44,1% peserta survei ora ngidentifikasi sikap pemerintah maring platform P2PO. Kie cerminan perilaku pemerintah sing ora jelas ing model lan platform sing konsisten karo apa sing wis kedadian ing nyatane wis tercermin ing ruang masalah lan bahkan ora olih ing pemerintah pusat lan pemerintah daerah. Alasan sing nyumpang proporsi paling akeh kue 50,7%. Kanggo kue, pemerintah bakal ndukung model kie dengan promosikna persaingan, pasar pinjaman diperketat khusus pinjaman konsumen, sehingga saged ngaweh manfaat tambahan kanggo peserta.

Keloro, 46,7% ngomong bahwa pemerintah ndukung model pertumbuhan, kontribusi maring mobilisasi modal idle ing populasi lan ningkatna kapasitas pinjaman rakyat, sehingga saged merangsang produksi lan pengembangan bisnis. Pilihan-pilihan kie konsisten karo ulasane



karena pinjaman pasar dihargai ing perantara lembaga keuangan. Kesediaan kanggo berpartisipasi ing model kieu, 88,8% apa motivasi kanggo pemerintah, soale platform kieu wis ditambah inovasi model pinjaman tradisional karo lembaga keuangan perantara, dadi perlu kanggo ngatur, nglindungi, lan promosikna (Burton, Klavul et al., 2015).

Seliane kieu, model kieu butuh dukungan pembangunan sekang pemerintah ing angka 42,6%. Soale hal-hal anyar ing proses pembangunan, saben model ekonomi kudu lewat periode sekang muda ngasi tahap kematangan. Ing tahap awal, dukungan pemerintah diperlukna (Balyuk, 2016). Sejen karo sing ing nduwur, presentase responden ngomong pemerintah ora bakal dukung karo alasan pertama kui ing angka 57,2% sing bunga kelompok sekang bank tradisional.

Kieu fakta secara umum lan vietnam ora kur lingkaran keuangan. Kieu ana hubungane karo politik up the plutocrat, kaya sing wis kedadian, tapi drafter undang-undang keuangan ing Vietnam dadi nglindungi kepentingane dewek, bank tradisional. Karena hal kieu, bukane neliti kebijakan anyar malah gawe proposal kanggo menuhi kebutuhan pengembangan, “mereka gelem ngandelna fakta bahwa ora ana dasar hukum kanggo nunda implementasi undang-undang.”. Ngasilna ngasi 48% responden ngomong bahwa pemerintah ora ndukung model P2PO soale basis hukum sing durung dikonfirmasi lan durung sesuai.

Hasil survei akhire nunjukna ana alat pertama sing bakal dijikot pemerintah, ing 56,6% kui mbatesi batas kredit. Hal kieu sejalan karo realitas ekonomi kaya model sing diterapna perlu uji coba kecil sedurung penyebaran masal lan skala sing lewih gede. Sejalan karo sifate P2PO kieu mikro sing ora aman (Lin, Prabhala et al., 2013). Alat pilihan selanjute, ing 47,7%, apa pemerintah bakal ngenakna pajal ing model P2PO. Instrumen pajak selalu dadi alat sing kuat lan sah kanggo ngatur kegiatan ekonomi, karena hal kieu, pas pemerintah ora pengen berkembang, model P2PO pilihan kieu sesuai. Hasil kieu juga konsisten karo penelitian ing Amerika Serikat (Chaffee dan Rapp, 2012).

Kontribusi teoritis studi kieu wis nunjukna telu poin anyar ing penelitian soal rekan tertentu, pinjaman lan pembiayaan secara umum. Pertama, ing Vietnam secara umum lan Da Nang khusus. Potensi pinjaman rekan online gede banget karena sekang kebutuhan lan dukungan sekang konsumen ketika duwe lewih akeh pilihan seliane perbankan lan layanan keuangan tradisional. Keloro, P2PO kieu peluang lan ancaman kanggo industri perbankan tradisional. Namun, peluang tetep lewih sekang mengancam. Ketelu, pandangan responden soal dukungan otoritas pengatur nunjukna bahwa hampir ana kesamaan ing proporsi responden sing percaya bahwa pemerintah bakal dukung. Wakil Versa ngomong bahwa regulator badhe mbatesi model ekonomi berbagi secara umum lan pinjaman P2PO khusus. Kieu mencerminkan kenyataan Vietnam lan saged dadi dasar sing berguna kanggo penelitian lewih lanjut.

C. Kasus Pinjaman Online di Singapura

Jumlah kasus penipuan pinjaman ing Singapura ningkat akeh dadi 1.700 antara Januari dan November 2019, seorane 6,8 juta dolar. Ing keterangane pas dina Kamis, 1 Februari 2020, komunitas kepolisian Singapura nyatakna ana kasus pinjaman sing nglibatna perusahaan peminjaman uang ilegal.

Ing sisi liane, modus penipuan sing dilakukna biasane disebabna karena korban tergiur ing tawaran pinjaman online lewat aplikasi Whatsapp sing ngaweh layanan pulsa utawa nerima SMS. Utusan kue ngaku dadi karyawan pemberi pinjaman berlisensi. Korban kemudian diinstruksikna kanggo transfer duit dadi deposit sedurung kredit dibayarna.

Tapine, ora ana kredit sing ditokna seuwise transfer duwit. Korban nghubungi pemberi pinjaman sing diduga curang lan ngerti bahwa pesan kue udu sing asli. Modus penipuan liane, pelaku ngirimna dokumen PDF maring korban. Mungkin sekang Kementerian Kehakiman lan Otoritas Moneter Singapura. Dokumen kue nyatakna bahwa korban kudu mbayar duit awal lan 7% pajak barang lan jasa sedurung disetujui. Ing beberapa kasus, korban nerima dokumen PDF liane sing nyatakna bahwa pelanggan njaluk kredit.

Pas korban nolak kanggo mbayar, pelaku nglecehna mereka karo ngeklaim bahwa penawaran kue wis disetujui lan bahwa mereka kudu bayar biaya kanggo gawe penawaran tersebut. Polisi Singapura wis nyarana masyarakat kanggo ora ndeleng iklan, ora mbales pesan, lan ora mblokir utawa ngelaporna nomor telepon kui lewat whatsapp utawa aplikasi pihak ketelu. Publik juga ora oleh ngaweh data pribadi.


D. Kasus Pinjaman Online di Thailand

Polisi ing negara gajah putih kui ngomong wis nangkep 9 tersangka ing aplikasi pinjaman ilegal ing Bangkok lan Chonburi pas Kamis esuk, wektu ngono. Enem sekang tersangka kui wong Thailand, sedangkan 3 liane diidentifikasi dadi Zhu, Zipping, lan Song.

Mereka dituduh melu ing layanan pinjaman online ilegal sing nganggo aplikasi KAKA lan KIKO kanggo mbebana bunga sing lewih akeh. Komisaris Polisi ECD Kolonel Padol Chandon ngomong ketelu wong China kue kreditur ilegal.

Seuwise kue, Chandon ngomong bahwa lima tersangka Thailan mbukak rekening bank sing dinggo kanggo transfer duwit lan enam kue penagih utang.

Chandon ngomong bahwa seuwise nyilih duit nganggo aplikasi pinjaman online kue, deweke ditangkep seuwise nerima keluhan sekang wong-wong sing bermasalah.



Ing wektu penggledahan lan penyitaan, polisi nyita 5 laptop, 14 hape, 13 buku tabungan, lan 37 rekening bank sing dadi barang bukti. Kolonel Pol Padol ngomong kelompok kui nglakukna transaksi keuangan segede 400 juta baht ing wektu 3 wulan lan njajal mindahna dana cepet lan ngumpetna lokasine kanggo ngindari tindakan hukum.

Sekang kasus kue dewek saged maca kepriwe medenine dunia pinjol nalika nalika pinjol kue ilegal.

E. Kasus Pinjaman Online Semarang

Afifah Muflihati kue wong wadon umure 27 tahun dadi guru ing Kabupaten Semarang, utang atusan juta ing akeh pinjaman online. Kepiwe hal kue saged kedadian? Awale, Afifah nyilih mung 3,7 juta, tapine totale naik dadi 26,3 juta. Si organisasi pinjol kue ngancam badhe ngungkap identitas nalika ora gajian dilunasi utange. Afifah ngomong, pas 30 Maret 2021, deweke ndeleng iklan aplikasi pinjaman online jenenge My Money Tree ing hapene.

Deweke ngakui bahwa deweke lagi berjuang finansial ing saat kue lan butuh duit kanggo nggolet kodean. Akhire Afifah download aplikasine lan meluni syarate, bar kue duit langsung ditransfer maring rekening Afifah 3,7 juta. Bahkan Afifah badhe olih 5 juta.


Deweke awale ngira bakal saged nglunasi ing wektu 3 wulan, tapine jangka wektu kredite mung 7 dina. Bar kue 5 dina, Afifah diancem bahwa nalika ora nglunasi utange, maka badhe diungkap identitas lengkape. Semono, pinjaman ing rekening bank ora dinggo.

Deweke panik, terus panike nambah maning pas datane wis disebar. Peminjam duwe akses maring kontak telepone Afifah lan ngirimna foto identitas sing nyatakna utange kui durung dibayar. Afifah juga difitnah ngadol awake kanggo nglunasi utange. Wah, kejamepol rentenir pinjaman online kie.

Afifah ngomong nalika langka tanda tangan elektronik kanggo persetujuan pas kredit pertama. Peminjam njaluk Afifah mung ngirim ID lan foto rai tok. Bar kejadian kue, keluarga, batir, lan rekan kerja kabeh olih kabar bahwa Afifah ora mampu nglunasi utange.

Karena wedi, Afifah akhire balik nyilih utang lewat pinjaman liane maksude kanggo nutup aplikasi utange. Jaringan pinjol lanjut ngasi lewih sekang 20 pinjol. Sekang hasil kue mau, ditotal utange Afifah ngasi Rp206.350.000, sing wis dibayar kue 158 juta.

Afifah terus nyilih maring BPR 20 juta kanggo bayar lewihan utang sing gawe deweke terpaksa ngadol umah. Utang kanggo aplikasi pinjaman sing durung rampung dadi 47 juta. Dianggep dadi korban dolanane pinjol, Afifah gawe laporan maring Ditreskrimsus Polda Jateng dina Kemis (6 Maret 2021).



Kuasa hukume Afifah ngomong bahwa Afifah wis ora nganggo duit sekang aplikasi UangKu. Nalika dipikir Afifah esih utang, Afifah badhe bayar ing persidangan lan milih metode hukum.

Kuasa hukume Afifah ngomong pengajuan pinjaman kue ilegal lan ora kedaftar ing Otoritas Jasa Keuangan (OJK).

F. Kasus Pinjaman Online Yogyakarta

Pindah maring kasus Yogyakarta, Kombes Pol Jawa Barat. Biasane wong sing mung nyilih 5 juta karo pinjol saged olih bunga sing akeh walaupun mung 1 wulan.

Polisi ngerti bar ngusut kasus pinjol ilegal sing nembe ditangkep ing Sleman, Yogyakarta lewat laporan korban sing diterima Polda Jabar.

Cara nagih sing dilakukna debt collector penuh karo ancaman nyilih duit lan bunga, gawe korban tertekan. Kolektor diancam karo perintah sekang nduwurane. Nalika ora, mereka ngancam badhe mecat kolektor utawa kolektor meja.

Sebenere pasar pinjaman kue cilik. Dadi ana 2 juta, 5 juta, 20 juta. Tapine bungane gede banget, bunga kue diitung ing itungan dina, kaya ngitung tanggal.

Polisi wis netapna 8 tersangka ing kasus kie. RSS kue kepala perusahaan, GT manajer umume, AZ HRDne, RS HRD, MZ sing ngurusi IT, EA kue desk leader, EM, leader, EA bench collection team leader lan bench collection TEAM, AB bench collection utawa online debt collection.


Kejadian kie dadi peluang, polisi nemu 9 pasal, mulai pasal Undang-Undang Transaksi Informasi Elektronik (ITE), Undang-Undang Perlindungan Konsumen, lan Undang-Undang Anti Pencucian Uang (TPPU).

G. Modus Pinjaman

Pinjaman online duwe akeh moduse, pinjaman online sing ilegal akeh lan gawe resah masyarakat. Pinjaman online ilegal gawe modus bahwa prosese bakal lewih cepet sekang pinjaman online liane lan hal kue tentu gawe masyarakat tergius tawarane. Ben ora kejawab ing modus pinjaman online ilegal, masyarakat dihimbau kanggo kenal perbedaan antara pinjaman online ilegal lan pinjaman online legal, ora mung kue masyarakat juga diharapna kanggo waspada karo tawaran pinjaman online. Didasarna sekang informasi OJK, ana beberapa modus pinjaman online ilegal, yaiku:

1. Modus gawe penawaran lewat SMS/Whatsapp

Modus pinjaman online ilegal sing paling sering ditemukna kue nawari pinjaman lewat SMS/Whatsapp. Karo cara kie, oknum pinjaman online ilegal gawe penawaran menarik lewat



SMS/Whatsapp maring nomor asal sing ora dikenal. Penawaran sing ditawarna kui saged ngajukna pinjaman tanpa persyaratan apapun lan dijanjika dana kue badhe cair gampang lan cepet. Masyarakat kudu waspada lan teliti, soale faktane fintech lending legal sing wis kedaftar lan diizinaa OJK dilarang kanggo nawarna pinjaman utawa produke lewat sarana komunikasi tanpa persetujuan peggunane.

2. Modus langsung transfer maring rekening korban

Oknum pinjaman online ilegal kue duwe modus liane, biasane langsung transfer duit maring rekening korban meskipun korbane ora pernah nyilih dana lewat pinjaman online ilegal sing transfer duit mau. Modus kie duwe tujuan supaya pinjaman online kue saged neror korban lan nagih denda nalika wis nglewihi masa jatuh tempo.

3. Modus ngganti jeneng pinjol dadi mirip karo fintech lending sing legal

Pinjol ilegal mesti bakal masarna produke nganggo jeneng sing sejen tapi sejenis lan mirip karo pinjaman online legal, tujuane kanggo customer liane saged lewih percaya. Pinjaman online ilegal bakal ngganti setitik jenenge nalika ngaweh spasi, 1 huruf, huruf gede/cilik kanggo nglomboni target korban sing wis disiapna. Ora setitik juga modus pinjol ilegal sing wani nganggo logo OJK ing iklane.


C. Sistem ngakses data korban lan skill hacker pencuri data

Hacker kue wong sing terampil ing keamanan cyber, sistem komputer lan jaringan. Poin pentinge kue jenis-jenis hacker. Akehe jenis hacker ing dunia teknologi. Nalika hacker milih cara hukum, deweke nganggo keahlian kanggo selamanya. Nalika ora, deweke saged nganggo kanggo kegiatan ora apik sing ilegal. Aktivitase hacker biasane bahaya utawa bermanfaat. Nalika seorang hacker njajal nyolong data pribadi, duit, dll, jenis kegiatan hacker kie ilegal lan ora apik. Tapi nalika dinggo kanggo ngamana sistem apapun, maka kegiatane sah lan saben organisasi penting butuh wong kayakue kanggo njaga jaringane.

Black hat hacker kue jenis hacker sing paling bahaya. Motivasi utamane kue manfaatna pengetahuane kanggo olih data pribadi sing penting. Ora mung kue tok, deweke juga saged nyolong duit ing rekening bank. Hacker kie saged gawe virus, malware, lan program sing bahaya liane. Seuwise melbu sistem, dewekw sinau data bisnis, pribadi, utawa keuangan pribadi. Mereka saged njangkau akeh jaringan pribadi lan komputer. Deweke juga saged ngancurna kabeh sistem lan manipulasi perilaku sekang sistem komputer.

H. Penting data Pribadi

Ing sisi liane, pinjol gawe kemudahan kanggo masyarakat kanggo belanja, tapi ing sisi liane pinjol justru gawa kerugian karena kesebar data pribadi konsumen. Perlindungan data diri



konsumen dan perlindungan data pribadi konsumen diperlukna banget. Karo hal tersebut, penting kanggo mengkaji perlindungan hukum maring data pribadi terkait pinjam meminjam ing layanan aplikasi online lan dinei sanksi kanggo pelanggaran data pribadi.


Negara wis gawe perlindungan konsumen sing diatur ing Undang-Undang Nomor 8 Tahun 1999 tentang Perlindungan Konsumen lan Peraturan Jasa Keuangan nomor 1/POJK.07/2013 tentang Perlindungan Konsumen Sektor Jasa Keuangan, lan Peraturan Menteri No. 20 Tahun 2016 tentang Perlindungan Data Pribadi Dalam Transaksi Elektronik. Tapi ing peraturan menteri No. 20 Tahun 2016 dianggep durung memadai ing pemberian perlindungan data pribadi.

Biasane, pinjaman online nawarna syarat sing gampang kanggo nyairna dana cepet. Syarat sing diperlukna kue KTP, SIM, NPWP, KK, rekening bank, nomor telepon pribadi. Menurut Dirjen Aplikasi dan Informatika (Aptika) Kemenkominfo, Samuel Abrijadin Pangerapan, ana 5 alesan kanggo njaga pentinge data pribadi, nalika intimidasi online soal gender, nyegah penyalahgunaan data pribadi ing pihak sing ora bertanggung jawab, ngindari potensi pencemaran nama baik, hak kendali atas data pribadi. Dikutip sekang CNNIndonesia.com, menurut Samuel data pribadi termasuk hak asasi lan privasi sing ana ing Deklarasi Universal Manusia 1948 pasal 12. Keloro, data pribadi kue aset utawa komoditas sing regane duwur ing era big data lan ekonomi digital.

Ngomong soal perlindungan data pribadi, khusus wis diatur ing Undang-Undang No. 8 Tahun 1999 tentang Perlindungan Konsumen (UUPK). Perlindungan konsumen kaya sing diatur ing UUne, prinsip kae kabeh upaya sing njamin anane kepastian hukum kanggo ngeni perlindungan maring konsumen. Ing pinjaman online sing disebut dadi konsumen kae penerima pinjaman, sedangkan pemberi pinjaman diasumsikna dadi pelaku usaha, tapi hubungane antara penyedia layanan lan pemberi pinjaman diasumsikna dadi pemberi pinjaman. Kabeh kae mau ana 2 pihak sing disebut dadi konsumen, yaiku penerima pinjaman lan pemberi pinjaman (tergantung dideleng hubungan antara pihak-pihake).

I. Tips ngindari lan ngatasi pinjaman online

Kanggo ngindari lan ngatasi pinjaman online, ana hal sing kudu diupayakna, kaya perlu anane sinergi kerja sama antara Kementerian Komunikasi lan Informatika (Kominfo), OJK, lan kepolisian ing ngawasi layanan pinjaman online (mediaindonesia.com, 18 Februari 2019). Pas kie OJK lewat satgase wis gawe langkah pencegahan kanggo layanan pinjaman online ilegal. Hal kae dilakukna karo gawe pengumuman daftar layanan pinjaman online sing ilegal maring masyarakat terus ngajukna permohonan pemblokiran lewat Kominfo kanggo mutus akses keuangane, kemudian nyampekna laporan maring pihak kepolisian (economy.okezone.com, 17 Februari 2019).



Barkue, pentinge ningkatna literasi digital masyarakat. Ngemutna dampak negatif sekang layanan pinjaman online ilegal paling gede ana ing masyarakat, maka perlu anane literasi maring masyarakat soal pinjaman berbasis digital/teknologi. Masyarakat perlu ngerti ketentuan, dampak, lan perlindungan hukum sekang transaksi pinjaman online tersebut. Masyarakat kudu pinter lan waspada sedurung nglakukna transaksi pinjaman online, terutama ing layanan pinjam online ilegal.

Kemudian perlune regulasi tentang perlindungan kanggo konsumen layanan pinjaman online ilegal. Berdasarkan PJOK No. 77/POJK.01/2016 tentang Layanan Pinjam Meminjam Uang Berbasis Teknologi Informasi lan POJK No. 13/POJK.02/2018 tentang Inovasi Keuangan Digital di Sektor Jasa Keuangan, PJK mung saged ngaweh sanksi maring perusahaan layanan pinjaman online sing kedaftar secara resmi ing OJK utawa sing legal. Nanging OJK ora saged ngaweh sanksi lia seliane nutup perusahaan kanggo perusahaan layanan pinjaman online ilegal.

Terus sing terakhir, perlune evaluasi mekanisme perizinan utawa pendaftaran perusahaan layanan pinjaman online ing OJK. Pada bae karo aturan soal sanksi, didasarna POJK No. 77/POJK.01/2016 tentang Layanan Pinjam Meminjam Uang Berbasis Teknologi Informasi lan POJK No. 13/POJK.02/2018 tentang Inovasi Keuangan Digital di Sektor Jasa Keuangan, OJK juga mung berwenang kanggo nglakukna pengawasan maring perusahaan layanan pinjaman online ilegal mungkin muncul karena mekanisme izin ing OJK sing angel. Hal kue kudune dadi pertimbangan kanggo OJK kanggo ngevaluasi mekanisme perizinan utawa pendaftaran kanggo perusahaan layanan pinjaman online.

Ning kabeh tips lan upaya ing nduwur, keton bahwa peran OJK lan pemerintah ing ngatasi layanan pinjaman online ilegal kue penting. Tapine OJK lan pemerintah mbutuhna dukungan Dewan Perwakilan Rakyat (DPR) Republik Indonesia tentang perlune regulasi kanggo nangani layanan pinjaman online ilegal. Ing hal kie, DPR RI, khususse Komite IX, saged njalana fungsi legislasi lan pengawasan kanggo mantau anane peraturan khusus kanggo merangi layanan pinjaman online ilegal.


J. 4 alesan wong milih nyilih ing pinjol

1. Sebab pengen sugih karo cara instan

Kabeh wong pengen butul status stabil ing finansial. Tapi kanggo olih kue tentu kudu ana kerja keras sing kudu dijalani. Sayange ana wong-wong sing milih cara gampang kanggo olih duit demi pengen sugih tapi karo cara sing salah.

2. Lagi kelilit utang

Pas kelilit utang, apa maning karo denda lan bunga sing gede, pasti wong dadi mikir pendek. Pinjaman online kie saged ngaweh iming-iming kegampangan sing saged njerat korbane. Apa maning nalika debt collector wis teka lan neror, pasti butuh duit kanggo nutup



utang kue. Padahal, utang sedurunge kue sekarng pinjol juga. Dadi sebenere, wong-wong nyilih maning ing pinjol liane, mung nggali lobang nutup lobang. Akhire kabehan dadi runyem.

3. Butuh dana cepet

Ana wektune wong butuh duit ing jumlah gede lan cepet. Biasane kie ing wong-wong sing kelilit uang, lagi dirawat ing rumah sakit, utawa perihal sekolah anak. Akhire pada mutusna kanggo nyilih duit ing pinjol karena carane gampang lan cepet. Pirang wong nganggep jumlah pinjamane kue setitik dadine ora masalah nalika nyilih ing pinjaman online. Padahal perlu diteliti perusahaan pinjaman online sing badhe dipilih. Soale pas kie akeh perusahaan pinjaman bodong sing ngrugikna masyarakat.

4. Duwe riwayat wanprestasi

Alesan liyane kepripun tiang kejoblos marang silihan online yaiku amarga duwe riwayat wanprestasi. Saengga, silihan kae kabeh bakal gampang detolak ing bank. Riwayat kie bakal decatet dening OJK lan pengaweh silihan bisa ngerteni wektu ngakses data pribadi binah sing nyilih. Yen perusahaan silihan online sing panjenengan milih kang dipercaya, dados panjenengan uga ora bakal gampang ngolehkake silihan amarga ana catetan ala keuangan. Nanging yen ing silihan online sing ora sah, hal iku sanes masalah amarga kae kabeh ora peduli kalih wanprestasi. Kae kabeh mung fokus ngaweh bunga silihan sing ageng sanget saengga ngabotake silihan.

K. Undang-undang silihan online

Ana akeh pelanggaran hukum sing delakokake para sing duwe silihan online marang nasabahe. Misale, pencairan tanpa persetujuan pemohon, ancaman panyebaran data pribadi, teror, lan intimidasi, nagihe kalih tembung kasar, lan pelecehan seksual.

“Silihan online sing nyebarkaken data pribadi bisa dekenake Pasal 32 junto (jo) Pasal 48 Undang-Undang No.11 Taun 2008 jo UU No.19 Taun 2016 babagan Informasi lan Transaksi Elektronik. Yen ngaweh ancaman dados bisa dejerat kalih Pasal 368 KUHP lan Pasal 29 jo Pasal 45B UU ITE. Lan yen ngelakokake panganiaya fisik lan njukut barang bisa dejerat kalih KUHP Pasal 170, Pasal 351, Pasal 368 ayat 1, lan Pasal 335 ayat 1 pasca-putusan Mahkamah Konstitusi.”

Bathine Fasilitas Silihan Online

Silihan online duwe bathi ing njerone saking konvensional yaiku, silihan online duwe proses sing lewih singkat ketimbang silihan sing liya. Pengajuan silihan finansial konvensional umume, sing delakokake kanthi offline, mbutuhkake wektu persetujuan sing ora sedela lan malah bisa nganti dina-dina. Mule saking proses pengajuan silihan kalih nyertakake berkas syarate kayata

KTP, rekening listrik, buku nikah, lan agunan. Survei kanthi langsung marang umah utawa lingkungan kanggo mastikake benere data. Silihan online ora merlukake survei fisik. Syarate mung sederhana misale cukup mindai utawa foto KTP lan ngisi formular pengajuan silihan kanthi online bae ora perlu ribet kaya silihan offline. Survei delakukake kanthi online kalih ngisi kuisisioner. Ora ana tatepan rai ing silihan online. Sawise iku silihan bakal gagian cair ing wektu kurang saking sedina. Jumlah nominale dhuwit bakal langsung mlebu marang rekening pribadi. Seliyane iku, silihan online umume ora merlukake agunan, dadi masyarakat bisa ngajukake silihan kanthi online lewat aplikasi tanpa agunan.

L. Kekurangan fasilitas silihan online

1. Silihan online nominale debatesi

Silihan online duwe nominal sing debatesi, umume mung sekitar ing ngingsor 10 juta rupiah bae. Amarga silihan online mesthi tujuane mung dekanggokake kanggo wong sing kebutuhane ndesak lan nominale cilik.

2. Jangka wektu silihan cekak

Silihan online mung duwe jangka wektu silihan sing cekak, tegese yen kita nyilih online kudu debalekake kanthi cepet amarga supados bunga ora kakehen.

3. Bungane cukup dhuwur ing dhuwue bunga silihan ing bank

Bunga biasane detung kanthi ben dina lan pembayaran bunga jumlahe kanthi wektu dina silihan. Asosiasi silihan online (AFPI) netapkake bunga maksimum yaiku 0,8% per dina utawa 24% sesasi (asumsi 30 dina)

4. Ana biaya liya

Ing njaba kewajiban bunga, sing nggawe total biaya silihan online dados cukup larang.

M. Beberapa silihan online resmi

NO	NAMA FINTECH	WEBSITE	STATUS
1.	Danamas	p2p.danamas.co.id	Kedaftar lan duwe ijin
2.	Investree	www.investree.id	Kedaftar lan duwe ijin
3.	Indodana	indodana.id	Kedaftar lan duwe ijin
4.	Toko Modal	www.tokomodal.co.id	Kedaftar lan duwe ijin
5.	Modalku	www.tokomodal.co.id	Kedaftar lan duwe ijin
6.	Maucash	maucash.id	Kedaftar lan duwe ijin
7.	Finmas	www.finmas.co.id	Kedaftar lan duwe ijin
8.	Akseleran	www.akselaran.co.id	Kedaftar lan duwe ijin

9.	Finplus	www.finplus.co.id	Kedaftar lan duwe ijin
10.	PinjamDuit	www.finplus.co.id	Kedaftar lan duwe ijin

N. Tips aman milih silihan online kang depercaya

1. Nimbangaken mampune mbayar

Para perencana keuangan sanget ngaweh saran, bahwa wates aman pembayaran utang yaiku segedhe 30 persen saking total pendapatan panjenengan.

2. Sanes kanggo hal konsumtif

Sedurung ngelakokake silihan online, kudu pikirke disit apa tujuane. Apa amarga kanggo kabutuhan utawa mung pengen menuhi gaya. Yen degunakake kanggo hal sing produktif bisa ngawehake bathi lewih ageng, dados bisa nimbangaken kanggo nglakokake silihan

3. Cek Legalitas Silihan Online ing OJK.

Hal sing kudu degolet ngerti sedurung ngajukake silihan yaiku legalitas saking perusahaan penyelenggara kasebut, kanggo mastikake apa perusahaan kasebut sampun kedaftar saking OJK. Yen perusahaan sampun kedaftar lan duwe ijin saking OJK, tegese perusahaan penyelenggara sampun patuh lan oprasi manut ketentuan sing berlaku.

O. Tips kanggo masyarakat sing sampun kejerat nyilih marang silihan sing ora sah

- Gagian lunasi
- Laporse marang SWI lewat email waspadainvestasi@ojk.go.id kanggo delakokake pamblokiran, pengumuman, lan laporan marang kepolisian.
- Yen duwe watesan kemampuan kanggo mbayar, ngajukake restrukturisasi awujud ngurange bunga, manjange jangka wektu, utawa pengapusan denda;
- Yen sampun tibaning tempo lan ora mampu mbayar, dados mandegake upaya pencairan silihan anyar kanggo mbayar utang lawas.

P. Data OJK kasil silihan online 2022

Otoritas Jasa Keuangan (OJK) ngelaporake jumlah penyaluran silihan fintech p2p lending nganti Rp23,07 triliun per Maret 2022 utawa sadurunge Ramadhan. Nila kasebut tumbuh sakitar 40,67% debandingke padha sasi sadurunge sing gedhene Rp16,40 triliun.

- Wiwit Januari ngantos Juni 2021 Kominfo nangani 447 fintech sing ora sah. Mung ing jangkoan wektu kurang saking enem sasi kita sampun nangani seakeh 447 kasus fintech sing ora sah, iki nandake akehe oknum-oknum kasebut. Kecatet

pananganan marang file sharing ana 191, desusul aplikasi 105, media sosial 76, lan website seakeh 75.

- Data OJK kasil silihan online 2022.

